



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 12 septanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DON MACHIN ELEKTRIK IBRID TOYOTA FÈ A ETA NEW YORK**

### ***Otomobil yo pral sèvi DEC ak fonksyonman park eta nan zòn yo ki te andomaje pa gwo tanpèt Sandy***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Toyota te fè don kat machin elektrik ibrid a Eta New York pou ajoute nan flòt machin ajans lan. Ajans eta yo ki patisipe nan pwojè pou rezistans ak avansman rekipasyon nan tanpèt la pral itilize Toyota Priuses renove yo nan siyaj gwo tanpèt Sandy ak pou ranplase yon machin ki te detwi nan tanpèt la.

“Gwo tanpèt Sandy te koze domaj masif e li te konpwomèt kèk nan resous eta, men jodia nap rebati pi byen ak pi solid pase anvan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Don machin sa yo ki ekonòm an gaz Toyota te fè se yon kout pous nan flòt Eta, e li pral sipòte efò nou pou fè kominote yo pi rezistan ak pi byen prepare pou pwochen gwo tanpèt la.”

Manadjè Jeneral Toyota Rejyon New York David Christ te deklare, “Nan Toyota, nou kwè yon konpayi otomobil kapab egalman yon machin pou chanjman. Nou fyè pou n fè patenarya avèk eta yo nan peyi a pou ede nan travay enpòtan vital sa nan kominote lokal yo. Bay Nouyòkè yo plis eksperyans pratik ta benefisyè eta pandan lap avanse delavan avèk règleman ak envestisman pou sipòte yon pi gwo akseptasyon konsomatè nan ZEV yo.”

Depatman Konsèvasyon Anviwonman nan Long Island pral itilize twa nan machin elektrik Prius yo pou fonksyonman, enkli vizit nan sit yo pou revize aplikasyon pou pèmi, efò remedyasyon, pwojè rezistans kont tanpèt ak rekonstriksyon domaj nan anviwonman.

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare, “Travay sou teren an se yon pati enpòtan nan responsabilite DEC yo, ede nou jwenn enfòmasyon enpòtan sou pwojè ki pwopoze yo ak pwoblèm lokal ki ka gen enpak sou anviwonman an. Nou remèsye Toyota pou don jenere li e nou pral mete machin sa yo ki favorab a anviwonman a bon itilizasyon.”

Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik pral itilize yon Prius kòm yon ranplasman pou yon van

Haitian Creole

pasaje ki te pèdi nan inondasyon ki te fèt nan Park Eta Clemente nan Bronx. Ranplasman Prius pou van lan pou fonksyonman park la pral ekonomize eta lajan pou ranplasman van lan e li se yon altènativ vèt nan pi gwo kapasite machin.

Komisyonè Park Eta Rose Harvey te deklare, “Nan non Park Eta yo, mwen ekspriye rekonesans mwen pou don jenere sa a Prius elektrik Ibrid ki soti nan Toyota. Ibrid elektrik la pral yon altènativ efikas vèt pou Park Eta yo e li pral ede anplwaye yo nan Park Eta Clemente pou akonpli misyon enpòtan sa nan yon kominote ki defavorize.”

Toyota angaje pou investi nan teknoloji machin zewo emisyon e li enterese pou travay avèk Eta pou pwomote enfrastrikti alimantasyon machin zewo efikasite, enkli elektrisite pou machin elektrik ak machin gaz selil nan lavni.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE